5	<p>P; Baik pak, kita lanjutin lagi wawancara kemarin ya pak  <i>S; Ngehh mas, monggo</i>            P; Saya ijin buat ngerekam ya pak  <i>S; Heem, mung rasah ijin yo mnoten nopo nopo mas</i>            P; Ahahaha, gapapa pak, udah aturannya gini  <i>S; Oh ngoten mas, yowes</i>            P; Saya mulai ya pak  <i>S; Iyo mas</i></p>	
10	<p>P; Gini pak, anak bapak dulu kan waktu umur 3 tahun masih belum bisa jalan, terus bisa jalan walaupun belum lancar itu di umur 5 tahun  <i>S; Bener mas</i></p>	
15	<p>P; Terus umur 5 tahun juga baru ketahuan kalo anak bapak penderita Autis, ngeh?  <i>S; Ngehh mas</i>            P; Kata bapak kemarin itu, waktu mas Rebo, di periksa dan dinyatakan Autis kan bapak di Jakarta ya?  <i>S; Iyo mas, kerja nguli proyek mas</i>            P; Kan dulu belum ada hp yang kaya</p>	

20	<p>sekarang, gimana caranya ibu ngehubunggi bapak?  <i>S; Iku anuu,,,,, opo,,,, e jeneng e, wartel mas,,,, lak jaman ndisek iku seng lumrah e wartel nah ibu I ngebel neng wartel iku</i>  P; Okee,,,, terus kan wartel itu telpon umum kan pak?</p>	
25	<p><i>S; Iyo mas.</i>  P; Terus caranya gimana, kok ibu bisa nelpon bapak?  <i>S; Ibu ki ngebel e neng nomor e mandor mas, lak sedurung e iku kulo ninggal I nomor hp ne mandor, dadi nek enek keluarga seng meh ngebel ki seko nomor iku.</i></p>	
30	<p>P; Ohhh, hp dari perusahaan gitu ya pak?  <i>S; Yo ngoten lah mas</i>  P;Baik pak, ngerti saya sekarang  <i>S; Ahahahahaha, ngeh mas bedo jaman bedo cara, nek sak niki iku lak kabeh kabeh e gampang mas, ndisek iku nek meh ngebel ndadak antri ro kanco ne, terus nek meh kirim duit ndadak neng kantor pos, nek sak niki ngepel kari pencet, kirim duit kari pencet, serba gampang nek sak iki.</i></p>	
35	<p>P; Ahahah, iya pak Alhamdulillah lebih gampang sekarang  <i>S; Layo to, penak to dadi cah jaman sak iki ga perlu rekoso, makane mas awak e dewe iku kudu seng katah leh bersyukur gusti pengeran mpun ngeweni kepinteran kanggo ciptaan ne ngene iki dadi ne menungsa do pinter pinter.</i></p>	
40	<p>P; Iya pak, Alhamdulillah, saya lanjut ke pertanyaan selanjutnya ya pak  <i>S; Ahahahahaha, ngehh monggo tanglet nopo meleh.</i></p>	
45	<p>P; Habis bapak dikasih tau kabar itu,apa yang bapak lakukan?  <i>S; Kulo metu saking proyek let pirang dino iku kolo mantuk omah gen mudeng kondisi anak iku kepie.</i></p>	
50	<p>P; Habis bapak pulang terus tau kondisi anak bapak apa yang bapak lakukan?  <i>S; Pas reti wujud e anak iku yo langsung tak rangkul mas kulo ambungi tak tanggisi, jane iku kulo yo mboten tau nyalah I tonggo otowo ngae loro ati ne uwong nanging kok</i></p>	
55		

<p>60</p> <p>65</p> <p>70</p> <p>75</p> <p>80</p> <p>85</p> <p>90</p>	<p><i>pengeran ngeweneni cobaan seng koyo ngene jujur ae ajur mas ati, kenopo kok kudu anak e kulo seng ngene.</i></p> <p>P; Lalu apa yang bapak lakukan? S; <i>Bar iku yo kulo nekani Pak Untung nyuwon saran kaleh gen nenang ne ati mas.</i></p> <p>P; Baik bapak, kemarin kan bapak bilang kalo bapak menyuruh ibu buat memeriksakan mas Rebo ke dokter, apa yang dokter bilang? S; <i>Kulo mboten reti pasti ne mas seng luweh reti iku ibu, nangginng sak nangkep e kulo iku yo anak e kulo Autis opo noto ngono mboten patek dong kulo.</i></p> <p>P; Setelah dari dokter apa tindak lanjut dari bapak untuk perawatan anak bapak? S; <i>Kulo iku di kon rutin ngowo anak e kulo terapi mas nangging yo iku kulo mboten gadah arto ngo ngowo R terapi, dadi yo kulo rawat dewe mas neng omah, tak ajari ngaji, ngibadah, karo mertani gen mbesok saget mandiri.</i></p> <p>P; Kendala apa saja yang bapak hadapi ketika anak bapak yang autis bertemu dengan teman sebayanya yang normal? S; <i><u>Katah ma contoh e ku Rebo iku seneng banget ngabung i klambi koncone.</u></i></p> <p>P; Apa yang bapak lakukan ketika anak bapak menciumi baju-baju temanya? S; <i>Kulo kandani mas, tak omonggi nek niku mboten apik, kulo ngeh njaluk ngapuro amergo kulo perkiwuh.</i></p> <p>P; Hal apa saja yang membuat bapak tetap bersama dengan anak bapak yang autis? S; <i><u>Yo jeneng e wong tou neng anak meh koyo opo anak e koyo kepie yo tetep anak tetep kudu narimo kudu treno, wong tuo iku di wenehi anak iku anamat mas, kuat ra kuat kudu kuat puron nopo mboten kudu nerimo amaergo mengke iku enten pertanggung jawaban e.</u></i></p> <p>P; Kalo ada orang yang muji bapak apa respon, bapak? S; <i><u>Biasa mawon mas lha meh ngopo seng di bangga ne. Lha nek mpun kewajiban e wong tua neng anak.</u></i></p> <p>P; Contohnya seperti apa dipujinya?</p>	<p><b>Aspek: Realistis dan Menyadari Keterbatasannya</b></p> <p><b>Aspek: Berani Memikul Tanggung Jawab</b></p> <p><b>Aspek: Berani Memikul Tanggung Jawab</b></p>
---	---	--

95	<p><i>S; <u>Contoh e iku pernah enteng seng sanjang “wahh sampean iku elok ngehh gadah anak ngoten niku nanging tetep kuat lan saget ndidik dadi anak seng pinter”.</u></i></p> <p>P; Nah kalo tadi kan yang muji, kalo yang ga suka ada ga pak?</p> <p>S; <i>Yo ono ae mas.</i></p>	<p><b>Aspek: Dapat menerima pujian dan celaan</b></p>
100	<p>P; Contohnya gimana pak?</p> <p><i>S; <u>Enten seng pernah ngarani anak e kulo iku, ra pokro, nyusah netok ngono ngono mas.</u></i></p> <p>P; Terus gimana perasaan bapak kalo ada yang ngomong kaya gitu ke anak bapak?</p> <p><i>S; <u>Yo mboten terimo mas, wong tou ndi seng terimo nek anak di cacati wong lio, lha yok ono mboten melu ngurusi kok nyacat i.</u></i></p>	<p><b>Aspek: Dapat menerima pujian dan celaan dengan objektif.</b></p>
105	<p>P; Apa bapak lakukan terhadap orang itu?</p> <p><i>S; <u>Tak parani mas tak omonggi dadi wong iku ampun seneng nyacati wong lio anak e kulo niko yo menunso dudu kewan, nek anak e kulo enten salah dikandi mawon nek ora yo sanjang neng kulo gen tak kandani bocah e, nanging nek di ajak omonggan apik apik, mung nek di omongi mboten saget kulo yo siap gelud mas nanging nek saget ojo ngasi gelud mas, lha mung podo podo ne menungso</u></i></p>	
110	<p><i><u>ojo sok ngece siji marang liane lha menungso ki yo podo mawon neng moto ne pangeran.</u></i></p> <p>P; Ada ga sih pak yang nanya nanya soal mas Rebo?</p>	<p><b>Aspek: Perasaan sederajat</b></p>
115	<p><i>S; <u>Yo enten mas, soyo neh uwong seng dereng sue kenal.</u></i></p> <p>P; Biasanya apa yang ditanyain pak?</p> <p><i>S; <u>Nopo ngehh mas,,, paling iku do tanglet “pak niki putra ne njenengan? “ pak niku putra ne nopo?” ngono ngono mas</u></i></p>	
120	<p>P; Terus kalo ditanya gitu, bapak jawab apa aja?</p> <p><i>S; <u>Yo kulo jawab nopo anane mas, lha mung nyoto ne ngoten lho.</u></i></p>	<p><b>Aspek: Aspek: Realistis dan Menyadari Keterbatasannya</b></p>
125	<p>P; Bapak malu ga punya anak yang Autis</p> <p><i>S; <u>Mboten mas mpun kulo trimo opo enek e mas.</u></i></p> <p>P; Bagaimana perasaan bapak melihat keterbatasan mas Rebo?</p> <p><i>S; <u>Sedeh, kadang ngono kulo mbatin nek ndelok anak wong wong do normal, mandiri</u></i></p>	

130	<i>saget nopo ngopo dewe mpun do omah omah, ndue keluarga dewe nanggeng ndeok anak ku dewe seng mboten saget koyo konco konco ne seng sak barean e, sedeh mas, nanggeng meh pie neh meh nyalah ne sopo lha mung yo mpun dalan e gusti ngeten kudu ditompo, urip</i>	
135	<i>neng ndunyo iku nindak ne seng sak mestine mas, seng sak semestine niku nopo? Iku mas mpun nopo seng eten tompo, nopo seng enten diterimo, gadah anak seng cacat tompo lan nerimo kanti ne ikhlas legowo, lha mung niki</i>	
140	<i>seng mpun seng dikarep ne gusti pengeran, menungsa urip iku ngenteni opo? Sugih o ndue derajat, pangkat, bandane setumpuk sak prapat jagad ning wong urip iku mung koyo mimpi, mung sak nyuk an, sak niki kulo ngagas umur ku mpun semene, mung kari ngenteni sedo ne, nek ngenteni iku tugas e</i>	
145	<i>menungsa nyiap ne sanggu, sanggu ne niku amal, ibadah lan anak seng sholeh, mula ne kulo niki diwenahi anak seng cacat ngene ki kulo bersyukur banget tanda ne pengeran iku percoyo lan tresna kaleh kulo sak keluarga, mulo ne kudo kudo ne nerimo ngerawat seng setiti mastek ne nek mboten enten seng kurang, nek ngono insyaallah urip tenang, tentrem. Mergo ne iku wujud bakti ne kulo</i>	
150	<i>kaleh gusti pengeran.</i> P; Kalo misal pas bapak lagi sedih dan kepikiran itu biasanya bapak ngapain? S; Yo paling mung berdo'a mawon mas gen anak e kulo saget koyo anak anak seng normal, sak ora ne saget mandiri nek kulo	
155	<i>mpun mboten enten.</i> P; Apa yang bapak harapkan dari mas Rebo? S; Yo kulo gelem e anak e kulo mari mas nek mboten yo seng penting anak e kulo iku saget mandiri saget ngurus awak e dewe mboten ngerepot ne uwong.	
160	P; Semoga nanti bisa terwujud ya pa S; Amin mas, mugi ngoten. P; Bapak asli orang sini? S; Ngeh mas. P; Pak kan saya lihat itu warga sini kan masih eksis, mengaja tradisi ya pak, kaya minggu lalu itu kata mas wawan warga sini habis	

165	<p>bancaan disendang ya?</p> <p>S; <i>Yo ngoten mas.</i></p> <p>P; Kalo gitu kan berarti warga sini dan bapak tumbuh di masyarakat yang masih menjaga tradisi jawa, kalo gitu ada pengaruh ga sih buat bapak dalam mendidik anak anak bapak?</p>	
170	<p>S; <i>Alhamdulillah mas, warga mriki iku teseh njawani, senajan jaman iki mpun maju, mpun modern wong jowo iku ojo ngasi ilang jawa ne mung jowo iku pangon asal e, nek babakan ndidik anak iku lak mpun kewajiban e wung tuo, opo seng direti, seng di ndue ne wong tuo</i></p>	
175	<p><i>iku yo seng di weneh ne neng anak, nek kulo iku lak wong jowo yo kulo ngajari <u>anak anak e kulo sami koyo wong tua kulo mbiye ndidik kulo mas, tak rumati kanti ne gewe, tak ajari unguh unguh dadi uwong iku kudu ndue toto kromo mergo ne iku seng mbedak ne</u></i></p>	
180	<p><i><u>menungsa karo kewan, dadi uwong iku yo ojo sombong koyo bhuto, ojo ngasi sibuk ngolek bondo, ngoyak jabatan ngati lali nek bakale mati, kulo yo kerep weling dadi uwong iku kudu iso ngeweneh I manfaat marang liane, kudu gotong royong kudu apikan mergo nek uwong seng nandur e apik bakal e ngunduh apik ning nek nandur e elek bakal e ngunduh olo.</u></i></p>	
185	<p>P; Berarti bapak itu jawanya kentel banget ya pak, maksudnya itu bapak menjadikan nilai nilai ajaran jawa untuk pedoman hidup ya</p>	
190	<p>S; <i><u>Ngeh mas, ncen trah e kulo lahir kanti tuo iki neng mriki, yo seng di ngo yo iku.</u></i></p> <p>P; Kalo gitu gimana cara bapak bisa menerima mas Rebo?</p>	
195	<p>S; <i>Yo iku mau mas, wess opo seng enten yo diteromo ikhlas legowo, kabeh iku mpun takdir e, lan kabeh iku enten balesan e, enten ganjaran lan doso ugo neroko lan surga, lak kabeh iku mpun ditulis pengeran terus enten wung seng lagir cacat koyo Rebo kaleh uwong seng melarat deneng sisih liane enten uwong seng lahir guanteng lan sugeh nek ngono opo pengeran iku adil?.</i></p>	
200	<p>P; Hmmmm..... hehehehehe</p> <p>S; <i>Ngene mas, wong urip bakal e pati, wong sregep bakal e sugeh, wong sinau bakal e</i></p>	

<p>205</p> <p>210</p> <p>215</p> <p>220</p> <p>225</p> <p>230</p> <p>235</p> <p>240</p>	<p><i>pinter nanging kok ono wong keset seng sugeh yo iku jeneng qodar utowo takdir seng mpun di pingini pengeran mpun ditompo mawon iku mpun kehendak e gusti awak e dewe menungsa rabakal saget ngerteni nopo seng dipingin I gusti, sok yo saget reti mengko neng mburi, kulo diwenehi anak seng cacat iku yo qodar iku mau mpun takdir e saking pengeran wes ditompo mengko bakal e enten jawaban e teko mburi nopo kok kulo gadah anak seng cacat iku.</i></p> <p>P; Iya pak, bapak juga ngajarin itu ke anak anak bapak?</p> <p>S; Yo mesti mas.</p> <p>P; Gimana cara bapak ngedidik anak bapak?</p> <p>S; Yo koyo biasa ae mas lha yo koyo mau kulo niki lak yo wong jowo dadi yo kulo leh ndidik koyo wong tuo jowo biasa ne tak ajari totokromo, unghah unguh ngaji marang pengeran gen entuk berkah e urip.</p> <p>P; Baik, terus gimana cara bapak menghadapi mas Rebo</p> <p>S; Yo ngono mas, seng sabar ae, diakaeh e seng sabar.</p> <p>P; Berarti kuncinya itu sabar dan ikhlas ya pak?</p> <p>S; Jeneng e wong tuo ki lak yo mpu sewajar e ngono mas, dadi wong tuo ki kudung seng jembar ati ne seng jembar sabar e ojo sitik sitik emosi nek kakean nesu nesu lak mboten sae mas.</p> <p>P; Sama ikhlas juga ya pak?</p> <p>S; Kudu ngono mas, ampun kakean sambat di lakoni kanggo ikhlas legowo opo seng mpun di paringgi pageran.</p> <p>P; Saya pernah denger istilah jawa itu “nerimo ing pandum” kalo ga salah kana pa yang bakal bilang barusan itu sama kaya istilah “nrimo ing pandum” itu ya pak?</p> <p>S; Ngehh mas, niku sami nrimo ing pandum iku lak mung istilah tok mas, gen uwong niku gampang mahami ne, niku lak gampang e wess nrimo opo anane, ngono wong iku lak mung do ngeringkas ben gampang di pahami tok.</p> <p>P; Maaf pak, kalo boleh bisa dijelasin lagi ga?</p>	<p><b>Aspek: Realistis dan menyadari keterbatasan</b></p>
---	---	---



245	<p><i>S; Ana ne urip lha yo nerimo kanti legowo mas nek gadah 10 ewu dinikmati 10 ewu nek 17 ewu dinikmati 17 ewu ampun mbayang ne 100 ewu ajur nek ngoten mas, nyadari pengeran ngewenehi anak seng kurang yowes ditompo mawon dinyukuri titipan e gusti seng penting kulo tetep merbuat baik gen urip iki adem, ayem lan tentrem lak nek ngoten irup ki indah mas.</i></p>	
250	<p><i>P; Bapak juga menerap itu dalam kehidupan sehari hari?</i></p>	
255	<p><i>S; Wes dalani mawon seng sabar seng ikhlas di lakoni opo anane, urip iku mpun ibadah mergo ngersak ke ngerti kuasa ne gusti allah mati iku yo ibadah anger awak e dewe ridho mergo iku nandak ne percoyo, nyerah kaleh kuasa ne kuasa ne gusti allah, nek urip iku ana ne ngeresulo mati yo ngeresulo kaleh gusti allah, mengko ne pengeran nesu menuso saget opo mas, gusti pengeran iku adil mas, ngerti nopo seng apik lan mboten kanggo umat e.</i></p>	
260	<p><i>P; Harus percaya dan ikhlas ya pak?</i></p>	
	<p><i>S; Hoo</i></p>	
265	<p><i>P; Itu juga cara bapak buat menerima kondisi mas Rebo ya?</i></p>	
270	<p><i>S; Ngeh mas, wes ditompo kanti ne legowo, mosok ngeluh kaleh pangeran, mboten sae mas, pengeran iku mpun adil kaleh umat umat e, contoh e ae senajan kulo gadah anak seng kurang nanging kulo di paringgi dulur seng pengerten, ndisik pas Rebo jek cilik nek kulo kaleh ibu neng sawah opo lunggo seng mboten saget ngajak Rebo iku yo dulur seng ngewanggi momong, adil to mas? Irup iku sadermo yen ora biso ampun di pekso di oyak soyo adoh di gelani mboten bali di piker dadi kentir kabeh iku mpun enten seng ngatur tugas e menungsa iku yo nerimo. Mpun percoyo mawon kaleh seng di karep ne gusti.</i></p>	
275	<p><i>P; Apa harapan bapak untuk anak anak bapak kedepannya?</i></p>	
	<p><i>S; Wong tuo iku lak seng di gadang gadang mung anak mas mboten enten wong tua sak ndonyo iki seng gelem anak rekoso, kulo pengen e anak e kulo iku bahagia urip mulyo</i></p>	

280	<p><i>urip opo enek e mboten usah sugeh seng penting di paringgi waras lan seneng, nanggeng seng paling penting iku ojo ngasi lali kaleh seng ngei urip gen urip e diridho i gusti.</i></p>	
285	<p>P; Sebelumnya kan bapak bilang kalo warga sini itu masih menjaga warisan budaya, ya? S; <i>Ngehh mas.</i></p>	
290	<p>P; Sebelumnya saya, minta maaf kalo pertanyaan saya hari ini mungkin sedikit sensitif, kalo nanti bapak merasa tidak nyaman dengan pertanyaan saya bapak boleh tidak menjawab atau menegur saya S; <i>Ngeh, mas kersane, mungk kulo ki santai, lha sampean bade tangle topo lek ngono.</i></p>	
295	<p>P; Ahahah, ya gitu pak, saya mulai, kalo disini itu tradisi apa sih yang masih dilakukan? S; <i>Hhhmmmm, nopo yo katah sih mas, koyok winggi iku bancaan neng sendang, sadranan, suro nan rajeb, terus gerakan ngono ngono mas.</i></p>	
200	<p>P; Ohh, kalo yang di sendang sama sadranan itu saya tau, tapi yang gerakan itu apa pak? Bisa dijelaskan lagi ga? S; <i>Iku lho mas sambatan neng tonggo, rewang nek enek tonggo nyambut gae, terus pindahan ngono ngono, mung seng pindahan iku mpun jarang mas mergo wong wong sak niki omah e lak wes tembok, nek ngono paling mung bancaan tok</i></p>	
205	<p>P; Emang kalo pindahan itu biasanya ngapain pak? S; <i>iku mas, wong nek ngae omah ngono utowo meh mbenak ne, karo mindah madep e omah, seng wong kene seneng ki biasa ne mindah posisi omah iku mas mergo nek mindah posisi omah iku bakal wong sak ndeso ki teko kabeh, dadi do kumpul kumpul ngono.</i></p>	
210	<p>P; Lha kok bisa orang satukumpul kumpul emangngapain aja pak? S; <i>Nek mindak omah iku lak omah e di junjung mas, pertama ne iku gedek e di copoti, ngasi kari rongko ne tok, terus nko dipasang I pring iku sak jejer e pundak, nek pring e wes kepasang nko omah e di angkat ngono mas, nah biasa ne iku nek wes rampung</i></p>	

215	<p><i>njunjung omah ki, seng ndue gae ki ngei jatah, dadi wong sak ndeso mangan kabeh wes koyo pesta ngono dadi ne mas, mung sak iki lak mpun jarang omah saking kayu, dadi yo mpun jarang.</i></p>	
220	<p>P; Bisa gitu ya pak? Rumah di angkat angkat.  <i>S; Yo iso mas mung lak omah seko kayu, pondasi ne ora teko lemah, dadi iso di angkat</i>  P; Bapak juga ikut kalo missal ada acara acara gitu?  <i>S; Yo melu mas, meh ngopo nek mboten melu, mung yo wong urip iku wes sak mesti ne kudu</i></p>	<p><b>Aspek: Orientasi keluar</b></p>
225	<p><i>serawung, awak e dewe ki mboten saget urip dewe, meh sak sugeh sak hebat mu kuyo opo tetep ae butuh tonggo.</i></p>	
230	<p>P; Kalo ngelakuin tradisi itu biasanya waktunya kapan, pak?  <i>S; Yo nek wayah wayah tertentu ngono, contoh e seng bancaan neng sendang iku biasa ne nek wong kenen meh nandur utowo bar panen, enek wayah e dewe dewe.</i></p>	
235	<p>P; Baik pak, kalo tadi iku kan yang berkelompok atau semua warga sini itu terlibat, kalo yang individu gitu ada ga pak?  <i>S; Hmmmmmmm,,,,,,,,, nopo ngeh, paling ki wetonan, poso mutihan iku, tarbiah an.</i></p>	
240	<p>P; Itu biasanya ngapain mas  <i>S; Seng opo mas?</i>  P; Semua yang bapak sebut tadi itu  <i>S; Wetonan ki, koyok prihatin lek lek nek neng dino lahir e dewe, conto e umpomo kulo lahir e dino senin wage nah neng dino minggu sore iku kolo poso, nek benggi ne ra turu kanggo doa, sholawatn marang nabi lan pengeran, ngono ngono.</i></p>	
245	<p>P; Ohhh sholat, doa dan sholawat juga gitu ya pak.  <i>S; Yo ngeh mas, pokok e iku nek wong wetonan ki intine bersyukur kaleh nikmat gusti pengeran, iling nek menungso iku mboten enek opo opo ne neng ngarep gusti, sholawat, doa gusti “paringgi kulo ati seng jembar, matur suwon sampun maringgi kulo urip” ngono mas</i></p>	
250	<p>P; Doanya itu pake Bahasa jawa pak?  <i>S; Yo gpp mas, mung kulo saget e ngono,</i></p>	<p><b>Aspek: Aspek: Realistis dan Menyadari Keterbatannya</b></p>

255	<p>mboten masalah mah meh ndongo nganggo Bahasa opo ae wong pengeran iku passti ne reti hamba ne doa ngoo boso opo ae lah sak seng nyiptak ne menungsa iku laky o pengeran, mung pengeran iku saget reti opo seng ana neng njero ati umat e mosok mboten ngerti umat e ngomong opo, pengeran iku maha sak kabrane to mas.</p>	
260	<p>P; Kalo sholat juga pake Bahasa jawa pak?</p>	
265	<p>S; Yo mboten mas nek sholat iku lak mpun enten aturane, bacaan bacaan pas sholat iku lak saking kibat (al quran) opo seng enten neng jero kitab iku mboten oleh di owah owah, lha mung gerakan en yo kudu ngono ngono to mas mboten entok di ganti ganti.</p>	
270	<p>P; Ohh gitu ya , kalo ibadah mah tetep sesuai sama aturan ya pak?</p> <p>S; Lha yo mesti ne mas, kabeh iku mpun enten aturan e, enten urutan urutan e, koyo kulo nek meh sholat iku kudu nyumet dupo sek gen tenang saget focus leh ngibadah ngono ga popo, mung nek nek sholat seng awal kudu takbir mung tak ganti sujud sek iku lagi ga oleh.</p>	
275	<p>P; Kenapa bapak kalo mau ibadah harus menyalakan dupa? Kan itu ga biasa pak?</p>	
289	<p>S; Yo mboten nopo nopo mas, iku lak mung cara ne tok, nek dupo iku lak wanggi mas, uwong lak nek ngambu wangi wangian ki seneng, nek wangi lak ngae tenang nek tenang mengko dadi saget focus nek ngobadah to, nek mung coro coro ngono tok gapopo seng penting nopo seng dadi perinta e gusti tetep koyo aturan seng sak mesti ne gapopo, koyo sunan kalijogo ndisek pas dakwah iku lak ngo wayang nek meh ceramah iku, ngono gapopo mas seng penting tujuan e tetep podo mboten syirik mas.</p>	
290	<p>P; Jadi gitu ya pak</p> <p>S; Ngehh mas, bedo pangon iku bedo coro, nek neng arab ngo cara A nek neng Indonesia ngo cara B. ga kabeh car acara ne neng arab saget dingo neng kene, nek jaman mbiyen sunan kalijaga ndisik mekso ngo cara arab ketok e mpun diusir mas.</p>	

300	<p>P; Baik pak saya kira udah cukup, deh hehehehe</p> <p>S; Lha kok uwes rampung.</p> <p>P; Ahaah iya pak gapapa, ini aja udah cukup kok</p> <p>S; Yowes, neng mriki sek ae kopi ne sampean iku lho dereng di ombe, santai mawon udud udud kaleh ngopi riyen,.</p> <p>P; Iya pak terima kasih</p>	
-----	---	--

### Lampiran 3. Verbatim Data Wawancara Informan 2 SR

Nama Pewawancara : Fajar Johandi  
 Nama Pencatat : Fajar Johandi  
 Tanggal Wawancara :  
 Tempat Wawancara : Rumah Partisipan  
 Nama Lengkap Informan : SR  
 Keterangan  
 P : Peneliti  
 S : Subjek

#### Transkrip Wawancara

NO	Percakapan	Temuan
5	<p>P; Baik bu, saya izin buat ngerekam ya</p> <p>S; Ngeh mas</p> <p>P; Umur berapa anak ibu didiagnosa Autis?</p> <p>S; Kulo mboten reti pas e nanging pas bocah e iku umur 3 tahun kulo curiga kok cah e iki aneh mboten koyok mas e</p> <p>P; Anehnya gimana Bu?</p> <p>S; Yo aneh ae mas mosok umur semono ngomong e dereng lancar ngomong, mlaku ne jek mberangkang, ngono lak mboten normal to mas nah seko iku kulo ngowo</p> <p>R perikso neng Bidan</p>	

<p>10</p> <p>15</p> <p>20</p> <p>25</p> <p>30</p> <p>35</p>	<p>P; Apang yang bu bidan sampaikan ke ibu?</p> <p>S; Bidan ki ngomong nek Rebo iku, mung mboten reti kenopo ne mulo bidan iku ngakon ngowo Rebo periksa neng</p> <p>P; Tapi dulu waktu lahir anak ibu lahir Normal?</p> <p>S;Yoo nek di pikir pikir iku mboten mas wong sak kilo (1kg) luweh piro ngono tapi lahire yo koyok wong biasa. Lahire uabang mas koyok cindile tikus iku loo mas, lahire iku 8 bulan, 7 punjul pirang ndino ngunu dadi 8 bulan</p> <p>P; Jadi R itu lahir Prematur ya bu?</p> <p>S; Opo iku mas? Mboten dong kulo</p> <p>P; Premature itu kelahiran yang lebih cepat dari yang seharusnya</p> <p>S; Ohh iyo ngono yae mas</p> <p>P; Selain itu ada lagi tidak bu, mungkin kejadian atau peristiwa yang kemungkinan bisa berdampak ke kondisi anak ibu sekarang?</p> <p>S; Enten mas dadi ndisek iku pas R tesh bayi pernah tibo saking bandulan, nanging asli ne yo ra tibo mas lha mong iku asli ne mung mrucut saking bandulan neng kasur naging yo iku kasur e kasur kapuk yo reti dewe mas kasur kapuk iku lak rodok atos, kulo curiga ne niku lak yo bayi abang kan tesh rawan mas,</p> <p>P; Jatuhnya itu tinggi ngak bu?</p> <p>S; Senanti ku mboten mas, iku paling mung 10 opo 14 cm tok mas</p> <p>P; Gitu ya bu</p> <p>S; Heem, Asline ndek njero iku wes cacat mas, onok kelainan. Tapi yo nggak cacat-cacat nemen yo enggak. Jarene Autis emboh opo.</p> <p>P; Kelainannya gimana bu?</p>	
---	---	--

<p>40</p> <p>45</p> <p>50</p> <p>55</p> <p>60</p> <p>65</p>	<p>S; Pas kulo meteng mbiyen ki weteng ku empuk lak kudune ki wong nek meteng ki lak atos to weteng e</p> <p>P; Siapa bu yang bilang Autis?</p> <p>S; <u>Awal e lak pas kulo curiga kaleh perkembangan e iku terus tak gowo teng Bidan terus Bidan e ngomong nek Rebo iku enten kekurangan terus Bidan ngakon kulo ngowo perikso neng gemolong nopo solo, terus kulo gowo neng Gemolong ketemu Dokter mari perikso iku Dokter e ngomong nek Rebo iku Autis po ya</u></p> <p>P; Ouh gitu, tapi surah hasil diagnosanya ada tidak bu?</p> <p>S; Nek sak niki mpun mboten mas, mpun sue lak an</p> <p>P; Hasil diagnose dokter itu Autis ya Bu?</p> <p>S; He'em jare dokter Rebo iku ngono mung senanti ku ki Mboten nemen, wong ngiler yo mboten ngiler bocah e biasa cumae nek diajak omong-omongan opo sembarang, pinter Rebo ki mas</p> <p>P; Pinternya gimana bu?</p> <p>S; <u>Pinter nek perkoro duit mas ahahahahah, nek umpamane saiki Rebo duwite piro ngunu mas, kelong piro ae ngunu ngerti, sopo sing njupuk ngunu eroh, duwit itu dijejer-jejer terus dititoni, duwit iku dingenekno dadi engkok tangane sak piro benggange iku eroh ngunu,sembuarang isok</u></p> <p>P; Terus apa lagi bu?</p> <p>S; sembuarang saget, sepedaan saget. Hp an ngeh saget, lak normal iku mas asli ne ketok e sok iku yo iso normal koyo konco konco ne.</p> <p>P; Dulu mas Rebu sekolah ga bu?</p> <p>S;Mboten mas</p> <p>P; Lhe kenapa dulu tidak disekolahkan bu?</p> <p>S; <u>Jaman semono iku kulo mboten gadah arto kanggo</u></p>	<p><b>Aspek: Realistis dan Menyadari Keterbatannya</b></p> <p><b>Aspek: Realistis dan Menyadari Keterbatannya</b></p> <p><b>Aspek: Realistis dan</b></p>
---	---	--

70	<p><u>nyekolah ne R lak yo biaya ne kata mas tur ngono panggon sekolah e iku adoh mas kudu neng gemolong, mesaak ne ro guru ne nek kudu ngajari Rebo mung bocah e raiso meneng, masak ne bocah e barang mengko nek raiso nututi pelajaran wedi ku nko ndak di ece konco konco ne, terus yo kulo kaleh bapak mikir yo mpun mboten sah disekolah ne mawon mung yo ketok mengko bakal e sami mawon mending kulo didik dewe</u></p>	<p><b>Menyadari Keterbatannya</b></p>
75	<p>P; Emang di daerah sini ga ada SLB gitu ya bu? S; Mboten mas, adoh kudu neng gemolong utawi Sragen kota P; Gitu ya bu, tapi bapak sama ibu hebat bisa mendidik anak ibu jadi sepintar itu</p>	
80	<p><u>S;Ngeh mulane kulo bersyukur mas, mergo ne mbiyen bidan iku ngomong nek Rebo enten kelainan, kulo di ken nelatani.</u></p>	<p><b>Aspek: Dapat Menerima Pujian Atau Celaan.</b></p>
85	<p>P; Umur berapa anak ibu bisa jalan? S; Limang tahun (5 tahun) iku e koyo robot mlaku ne. <u>Iku ndisek kulo lumuri anu opo iku lali kulo, kemanggi di campur campur karo sembarang mpun lali kulo</u></p>	<p><b>Aspek: Percaya Pada Kemampuan dirinya dalam memecahkan masalah.</b></p>
90	<p>P; Itu setiap hari bu? S;Bendino mas , karo direndem ibanyu puanas iku yo bendino. P; Air mendidih gitu bu? S; Mboten mas yo banyu anggep nanging seng sek rodok panas ngono lho mas, maringunu terus maem e iku oleh kacang ijo ambek opo iku nopo yo hmm, bubur sum sum mas</p>	
95	<p>P; Bubur sum sum juga setia hari bu? S; <u>Ngeh mas, Iku kulo di ewang i adek e kulo dikongkon ngekei sumsum duwite barang iku di wenehi.</u> Sumsum</p>	<p><b>Aspek: Berani memikul</b></p>



<p>100</p> <p>105</p> <p>110</p> <p>115</p> <p>120</p>	<p>ambek opo bubur iku, terus bocah e dadine kuat, awak e dadi luemuu sehat awake mundhak terus bobot e, <u>Tapi yo ngene loo, koyok cah cilik, misale saiki umur piro ngunu mengko kemampuan bocah e sak mene ngunu yo umur-umur saiki. Dadi koyok bocah cilik teruus, nanging mengko nek mpun tuwek koyok arek wes dewasa. Iki nek dikongkon ngunu kenek, umpamane dikongkon isah isah yo saget ruesik</u></p> <p>P; Umur R berapa bu?</p> <p>S; Umur akeh mas, kelahiran 95</p> <p>P; 27 ya bu</p> <p>S; Yo mboten no mas, nek 95 ki yo 28</p> <p>P; Anak ibu masih kaya anak kecil?</p> <p>S; Ngehh mas, ketok e iku mengko nek mpun tuo yo njowo dewe lha mung nek diseneni opo di lok ne uwong n ngono bocah e yo iso sedih, ngringuk ngono neng kamar, mung bocah sok gamuk yoan nek di seneni po dikandani ngono. Mboh kok iso ngono binggumh aku padahal kulo ngeh mboten gajari ngono</p> <p>P; Sedih gimana bu?</p> <p>S; Ngehh, kadang iku ngasi nangis, Nah winggi iku neng omah e pakde Pardi entem banca'an, bocah e rono dewe'e kan nang omah e pakde pardi, dikon..muleh lho nangis mas turut ndalan, lak teseh normal mbak yo, bocah e duwe ati nelongso, dilokno wong ngunu iku maksute ngerti ngunu lho mas.</p> <p>P; Ya iya Bu, kalo saya yang digituin saya juga sedih</p> <p>S; Bocah pas teko omah iku wadul, "aku diusir gag dike'i berkat, awas koe" ngunu mas. Ngomonge lho uelek to, bocah e koyok wong normal biasa yo wong iso ngelokno uwong barang. "wong iku guendheng bu" ngunu terus</p>	<p><b>tanggung jawab</b></p> <p><b>Aspek: Realistis dan Menyadari Keterbatasannya</b></p>
--	--	---

125	<p>mas, pethuk meneh yoo ngunu terus mas . soyo meleh nek kaleh mas e iku didupak barang , Biyen sek jamane ilang mas, pas petuk mas iku bocah gemang “Emoh- emoh aku ra seneng ambek Mad, aku nko disaduki”. Gemang nek iroh mas e nek kaleh kulo po bapak iku purun</p>	
130	<p>P; Sampai sekarang juga masih takut sama kakaknya bu? S; Mboten mas, sak iki lak madiono mpun gede, mpun njowo lah dadi sak niki mpun saget ngerti kondisi adik e iku, mpun sayang, alhamdulillah nek sak niki ki mpun do akrab do sayang siji marang siji ne.</p>	
135	<p>P; Oh iya pernah hilang juga ya bu kemarin bapak udah bilang ke saya, tapi dari versi ibu gimana hilangnya</p>	
140	<p>S; Yo ngono pertamana ne lak kulo sak keluarga iku ziarah mas terus pas neng kono iku ketok e padu kaleh mas, bar iku bocah e mlayo po pie ngono, terus pas wayah muleh kulo ngiro ne R iku melu bapak e lha bapak ngiro ne melu bis e kulo, lak mbiyem iku wong akeh mas 2 bis mas ketok pas meh munggah bis iku R padu karo mas e teros bocah e mlayu, ndelalah e pas mlayu kulo kaleh bapak mboten reti terus ro bocah e keru neng Demak</p>	
145	<p>P; Lho kok bisa? S; Yo mboh mas kulo kaleh bapak iku reti pas mpun teko omah</p>	
150	<p>P; Terus ketemunya a gimana bu? S; Yo pas medun seko bis iku lak yo do kumpul meneh to mas, pas tak golek kok R mboten enten yowes kulo golek golek kok tetep mboten enten terus tak golek neng omah sopo reti bocah e ndisik I muleh tetep mboten enten yowes bar iku laky o panik mas, bapak tak kon langsung mbalek neng pangon ziarah meneh, bapak yo podo panik terus yo hoo wae langsung balik meneh, mung</p>	

<p>155</p> <p>160</p> <p>165</p> <p>170</p> <p>175</p> <p>180</p>	<p>Alhamdulillah e bocah e enek.</p> <p>P; Setelah ketemu gimana bu?</p> <p>S; Yo ngono mas, tak tanggisi, gelo banget mas kok yo isoh isoh anak ku keru neng kono adoh e, tak ambung I njaluk ngapuro neng R</p> <p>P; Waktu itu bapak, responnya gimana bu?</p> <p>S; Yo podo koyo kulo mas, asli ne yo nesu kaleh kulo, mung pas ndelok kulo ngono rasido nesu mas, ahahah</p> <p>P; Waduh untungnya bapak orangnya baik ya bu</p> <p>S; Yo Alhamdulillah e, ngono bersyukur ndue bojo seng pengerten</p> <p>P; Waahhh si ibu bisa aja</p> <p>S; Ahahahahahaha yo ngono lah hehe</p> <p>P; itu dulu waktu ziarah acara dari mana bu?</p> <p>S; iku mas, biasa jamaah e pak untung, acara ne rutin iku mas.</p> <p>P; kalo ada acara gitu ibu sering ikut juga?</p> <p>S; <u>Ngehh,, Mas, lha meh ngopo nek ra melu, seneng kulo mas melu melu pengejian ngono ki, mergo nek melu pengajian ngono laky o temu tonggo tonggo, belajar sisan golek konco ngono mas ahahahahaha.</u></p> <p>P; kalo pengajian gitu mas Rebo ibu ajak ngak?</p> <p>S: Yo tergantung acara ne mas, nek pengajian ibu ibu yo mboten, mung nek acara ne pengajian seng campur po maulitan ngono yo tak ajak.</p> <p>P; Ohhhh iya bu, ibu maaf kalo missal ibu ngajak mas Rebu itu malu ga?</p> <p>S; Halahhhh,,,,, ngopo isin mas, mung yo Rebo ra ngopo ngopo, kulo ngajak Rebo iku lak niat e apik, nek enten wong ra seneng laky owes ben jarne ae.</p> <p>P; Tapi missal kalo ada yang gasuka sama ibu waktu</p>	<p><b>Aspek: Orientasi Keluar</b></p>
---	---	---------------------------------------

185	<p>ngajak mas Rebo gimana bu?</p> <p><u>S; Yo iku mau mas jarno wae ra ngagas aku, paling ra seneng iku mung yo mung siji loro tok, seng liane biasa ae, mung kadang ngono yo enek seng ngajak Rebo gojekan og.</u></p> <p>P; Oalah yaudah deh bu kayaknya udah dulu deh, besok lagi aja</p> <p>S; Lho kok sampun mas? Cepet I men mas</p>	<p><b>Aspek: Perasaan dirinya sederajat</b></p>
190	<p>P; Iya bu hehe, udah malem, ganggu ibu istirahat nanti</p> <p>S; Yowes mas nek ngoten, manut ae kulo</p> <p>P; Hehehee, iya bu makasih ya bu</p> <p>S; Ngeh sami sami</p>	<p><b>Aspek: Perasaan tidak ditolak.</b></p>

#### Lampiran 4. Verbatim Data Wawancara Informan 2 SR

Nama Pewawancara : Fajar Johandi  
 Nama Pencatat : Fajar Johandi  
 Tanggal Wawancara :  
 Tempat Wawancara : Rumah Partisipan  
 Nama Lengkap Informan : SR  
 Usia Informan :  
 Keterangan  
 P : Peneliti  
 S : Subjek

NO	Percakapan	Temuan
5	<p>P; Kita mulai lagi ya bu, hehehe</p> <p>S; Ngeh mas</p> <p>P; Maaf ya, udah ganggu waktunya ibu sekeluarga hehe</p> <p>S; Kersane mboten nopo nopo mas</p> <p>P; Baik ibu, saya izin ngerekam lagi ya</p> <p>S; He'em</p> <p>P; Dulu anak ibu lahirnya premature ya bu?</p>	

10	<p>S; heem</p> <p>P; Terus waktu umur 3 tahun itu kan belum bisa jalan dan ngomong, terus pas umur 5 tahun udah bisa jalan tapi masih belum lancar, dan diumur itu juga di diagnose Autis ya bu?</p>	
15	<p>S; Ngehh mas bener</p> <p>P; Nah pas ibu pertama tau anak ibu Autis gimana bu?</p> <p>S; Gitu pripun mas?</p>	
20	<p>P; Ya kayak perasaan ibu, atau reaksi dari ibu gitu</p> <p>S; <u>Yo pie ya mas, sedeh iku pasti, kepikiran mboten percoyo nek Rebo ki cacat</u></p>	<p>Aspek: Realistis dan Menyadari Keterbatasannya.</p>
25	<p>P; Ibu stress juga?</p> <p>S; <u>Asli ne hoo mas, mula ne iku kulo nek benggi kerep nanggisi Rebo, mikir ngasi judek, wess semrawut, isoh rodok mending iku pas bapak tekan omah ki langsung nyemanggati, ngandani ngene ngene wess sembarang di omonggi, seko kono sue sue kulo mpun saget nerimo mas, iki mpun dalam e saking gusti nek kudu ngene, kudu ikhlas lan sabar kabeh dipasrah ne nang pengeran</u></p>	<p>Aspek: Realistis dan menyadari keterbatasan.</p>
30	<p>P; Sudah pasrah aja gitu ya bu?</p> <p>S; <u>Iyoo..saiki wes tak terimo mas, lha meh pie mung yo wes ngono to, mpun takdir e saking pengeran kudu ngono, pasrah, mpun dalam e Gusti pengeran mas. Nek aku yo nerimo ancene wes digawe Gusti Alloh ngunu mas,</u></p>	<p>Aspek: Realistis dan Menyadari Keterbatasannya.</p>
35	<p>nanging opo terus nopo kulo meneng ae, kulo mpun usaha gen R iku gen mari sak ora ne yo mendingan.</p>	
40	<p>P; Sekarang ibu sudah menerima ya bu?</p> <p>S; <u>Yo iyo wes, meh pie neh, Lha ket lahir wes ngene meh diapak ne yo mpun mboten saget seng penting iku kango kulo i ngajari Rebo pie cara ne gen saget mandiri, sak iki yo mpun di syukuri, di ikhlas ne niki lak mpun dalam e saking pengeran</u></p> <p>P; Harapan ibu buat mas Rebo a</p>	<p>Aspek: Realistis dan Menyadari Keterbatasannya.</p>

45	<p>S; Nek kulo iku pengen e Rebo saget mandiri mawon mas . Madiri pokoke iso ngopo ngopo dewe lah, kanggo awake dewe, iso masak dewe dewe'e masak, umbah-ubah seng penting iso ngurus i awak e dewe.</p> <p>P; Yang penting bisa hidup mandiri gitu ya pak?</p>	
50	<p><u>S; Yo ngehh mas, mergo ne ki wedi ne mengko nek seumpuno kulo lan bapak mpun mboten enten Rebo ki saget urip dewe.</u></p> <p>P; Terus hal apa yang bisa membuat ibu menerima kondisi anak ibu?</p>	Aspek: Realistis dan Menyadari Keterbatasannya.
55	<p>S; Yo iku mau lho mas, ncen mpun kewajiban e kulo dadi wong tua iku pancene kudu nerimo keadaan ne anak koyo opo ae kudu di terimo.</p> <p>P; Adakah dorongan atau sesuatu yang lain gitu bu yang bisa membuat ibu menerima kondiisi anak ibu?</p>	
60	<p><u>S; Mboten enten mas, niku yo saking kulo ne dewe kaleh kadang iku bapak ki ngandani kulo gen nerimo mawon, didalani opo anane kanti ikhlas legowo. Ngoten ae teseh enten ae mas wung mboten seneng nangeng alhamdulillah e kadang iku adek adek kada</u></p>	
65	<p><u>ngandani.</u> “gak opo-opo yu sampean ngene, liyane loo jek akeh sing luweh parah” nek reti ngono yo kulo teseh bersyukur mas senajan gadah anak seng cacat nanging keluarga ne kulo iku urip rukun, ayem, tentrem mboten gadah musuh, senajan mboten luweh nanging cukup</p>	
70	<p>P; Jadi itu ya yang membuat ibu menjadi kuat?</p>	
75	<p>S; Heem, ngeh mas seng marak ne kuat iku mau, dadi timbangan e tak gelani keadaan Rebo mending kulo ndelok seng neng ngisor enten uwong seng luweh susah</p> <p>P; R anak keberapa bu?</p> <p>S; Ke loro mas (2)</p>	

80	<p>P; Dari berapa berapa bersaudra?  S; Tiga bersaudara  P; Pekerjaan bapak apa bu?  S; Tani mas  P; Aktifitas mas Rebo biasanya apa bu?  S; Ya biasa ae ngono mas paling yo dolan, nonton Tv, ne kora yo melu bapak e neng sawah, ne kora mboh ngopo sak seneng e R</p>	Aspek: Orientasi Keluar.
85	<p>ae  P; Kalo main keluar sama siapa bu?  <u>S; Paling kro bocah bocah cilik iku mas, mboh ngopo</u></p>	Aspek: Perasaan tidak ditolak
90	<p>P; Kalo sama bapak, itu biasanya ngapain bu?  S; Paling yo iku mas, melu bapak neng sawah ngewang i bapak.</p>	
95	<p>P; Hal apa aja sih bu yang membuat ibu kuat?  <u>S; Nek niku seng genah ki mergo bapak seng kerep ngandani kulo, bapak ngeh tanggung jawab kaleh keluarga, tur kulo ngeh bersyukur gada dulur seng pengerten,</u> bapak yo sok ngeneng ngeneng kulo nek lagi sedeh ngono mas, mari ngono kulo eleng meleh yo meh pie neh ngono ngono yo anak ku, kudu tak trimo, kudu tak sayang , kudu tak</p>	
100	<p>rawat kanti pati, pokok e kulo mboten purun ngasi nelantar ne anak anak ku lha anak iku mpun dadi tanggung jawab ku, mpun amanah Gusti pengeran, nek kulo mnoten amanah wede ni mengko ne entok murka ne Gusti pengeren</p>	
105	<p>P; Berarti faktor dukungan dari keluarga ya bu?  S; Heem</p>	
110	<p>P; Ibu pernah tiba tiba sedih gitu kenapa bu?  S; Yo iku mas, kepikiran ae jeneng e wong tuo soyo meneh anak ku ngono pasti ne kepikiran, nanging bar iku nek mpun lego kulo eling meneh, nek kulo kudu kuat anak iku anugrah saking gusti, lha mung bocah e iku pinter iso koyo tunggal tunggal e.</p>	

115	<p>P; Menerima gitu ya bu?  S; Ngehh mas  P; Harapan terbesar ibu untuk R dan kedua saudaranya bagaimana ibu?  <u>S; Kulo pengen e bocah bocah iku akur, saget nulunggi dulur nek dulur e enten nopo nopo, nek kanggo R iku yo mau mas kulo pengen e de'e mandiri ae mpun cukup mas</u></p>	Aspek: Realistis dan Menyadari Keterbatasannya
120	<p>P; Baik bu semoga bisa terwujud ya  S; Ngeh mas, amin  P; Itu dulu mas Rebo di terapi tidak ya bu?  S; Terapi priapun mas?  P; Terapi gitu, terapi ke dokter biar R sembuh gitu bu  S; Ohh, mboten mas, blas ora</p>	
125	<p>P; Kalo obat juga tidak bu?  <u>S; Mboten mas paling tak omben I jamu iku</u></p>	
230	<p>P; Jamu apa yang ibu kasih?  S; Yo sembarang, kadang beras kencur opo kunyit ayam mung seng kerep iku kunir asem dicampur brotowali.  P; Brotowali itu yang pahit itu kan bu?  S; Ngehh mas, sampean yo ngerti nok</p>	Aspek: Berani Memikul Tanggung Jawab.
135	<p>P; Iya dulu saya pernah dikasih itu sama nenek saya, ngak enak banget itu bu  S; Lho senajan mboten enak nanging khasiat e apik mas, seng loro saget mari, saget nyegah penyakit  P; Ehehehe, iya sih bu kata nenek saya juga gitu</p>	
140	<p>S; Lhha yo to bener, makane wong jaman mbiyen ki umur e dowo dowo, mergone kerep ngombe jamu.  P; Hehe, iya kata nenek saya juga gitu  S; Makane mas, masio pait raenak di rutini ae mas  P; Iya bu nanti saya coba</p>	
145	<p>S; Nahhh,,,,, sip  P; Iya bu saya lanjut ya, Selama ini gimana cara bapak mengasuh anak bapak?</p>	



150	<p>S; Biasa ae mas sami mawon koyo tunggal tunggal e, mung bedane kudu luweh sabar karo Rebo</p> <p>P; Tapi harapan buat sembuh itu ada ya bu?</p>	
155	<p>S; Yo karep ngono mas, nanging kan nek sak niki pora mpun telat mas, bocah e y owes sak mono gede ne, nek umpamane isoh mari iku yo bakal e butuh modal akeh mas kudu neng ngowo neng dokter, terus wira wiri ne neng dokter barang lak yo butuh biaya gede mas, wess mending ngene mas tak rumati dewe sak iso ku senajam mboten mak simal mpun mboten nopo nopo</p>	
160	<p>P; Terus sekarang seperti ini aja udah cukup ya bu?</p> <p>S; Heem,</p> <p>P; Tapi dengan kondisi anak ibu yang seperti ini, ada tidak omonggan orang yang buruk mengenai anak ibu?</p>	
165	<p><u>S; Yo enten ae mas, mung ngunu iku kadang onok sing ngerti onok sing mboten, nek kulo mpun mboten nopo nopo yowes jarno ae, mengko lak yo kesel dewe</u></p> <p>P;Kalo ada omonggan negatif itu gimana tanggapan ibu?</p>	
170	<p><u>S; Yo tak eneng ne ae mas, pun wegah ngeloroh i aku, wes jarno ae mengko lak sadar dewe, nek mboten sadar teseh enten uwong seng apikan lan saget nerimo kulo kaleh Rebo</u></p> <p>P; Biasanya anggapan negatif itu gimana bu?</p>	Aspek: Perasaan Dirinya Setara.
175	<p>S; Yo ngono ngono lah, ngelek ngelek tok isi ne</p> <p>P; Iya bu, hmmm, Gitu bu, kalo udah main gini R nanti pulangnye kapan?</p>	Aspek: Dapat menerima pujian dan celaan
180	<p>S; Mboh ra reti sak seneng bocah e, mung mau ki tak golek I neng konter pinggi mboten enten, bocah e lak biasa ne neng kono</p> <p>P; Kalo keluar gitu sama siapa?</p>	

185	<p>S; Koleh bocah bocah cilik iku mas,  P; Ngapain aja R kalo keluar itu?  S; Yo biasa iku paling do dolanan mboh opo kadang yo do bal balan iku neng lapanggan  P; Gitu bu R iku kalo main emang selalu sama anak kecil gitu bu?  S; Kerep e sih ngono mas, lha bocah bocah sak umuran e ki wes do berkeluarga wes do ndue anak kabeh  P; Ouh iya 28 ngehh R iku</p>	
190	<p>S; Sak niki lak 2023 to mas sok Desember iku 28  P; Tapi si R masih kayak anak kecil ya?  S; He'em sek'an, Jane R iku seng paling tuo timbang bocah bocahh sak pantarane. Wes tuo R iku aku. Ambe Lia ae tuo an R, ambek Dyah tambah kacek akeh, tambahan. Farid lah, pantarane Farid, Farid ae tuwekan R sek'an, kacek pirang wulan. Yo teseh koyok bocah cilik, wes sifate koyok bocah cilik, ga isok dewasa. Mugo wae mbesok nek mpun tuo iso dewasa, jare saget ngono, Koyok wong sing sumber iku lho dulur e bojone Mad iki yo ngoten biyen jarene, wong e iku sak niki koyo wong tou umum e ngoten niku ngerti ngomong-ngomong biasa. Masio Rebo nek diajak jagonggan yo ngerti seh, ngerti dijak omong-omongan, ngerti iku bocah e.</p>	
195	<p>200  205</p>	
210	<p>210  215</p>	

220	<p>P; Tapi abis itu nurut sama ibu?  S; Heem, Alhamdulillah e bocah e iku manut mas nek di kandani, sak umpomo ne kulo ngomong ampon ngono le yo mengko bocah e manut, mung ya jeneng bocah ngono sok kadang ki jek ngono meleh, mengko nek di lorohi wadul meleh, nek dikandani mengko nurut meleh neng yo iku nek mpun lali yo ngono meneh.</p>	
225	<p>P; Terus kalo dinasihatin gitu nurut bu?  S; Manut nek kaleh kulo, Mung nek kaleh wong lio ketok e ngeyel nek kaleh wong lio ngeyel yae mas, mung nek kaleh wong seng gemati kaleh R iku bocah e manut, jare iku enten wong sen tau nyentak lagi iroh wong e iku R langsung raseneng, yae lho iki , aku yo mboten ngarani seh jenenge ele karo wong</p>	
230	<p>tapi yo iso ae, biasae bocah e ngono. Nek kadang kulo kasar sitik R iku mbales nesu og, umpomo tak kasari ngono, kulo kasari bales kasar, yo iku sing kulo weroh yae nek wonge iku tau nsadari bocah e mung seng ngasari maeng mboten gelem ngaku, mung kulo dewe</p>	
235	<p>iku yo kadang repot mas, terus dijaluki opo-opo mboten oleh ngono lak mureng-mureng, lha pas kadang aku sakno ngunu, koyo mlengos , tapi nek sek yo le ngunu yo bocah e ngerti. Tapi nek kulo rodo nyentak ngono</p>	
240	<p>uwes owh wowowowo owh mak'e gendheng mak'e gendheng pangling ngono, ambek wong yo ngono, kapan dikasari wong yo ngunu owh asu, nganyelu tenan ngunu, koe pekok nesu nesu ngono mboh seko ngendi</p>	
245	<p>cah kui iso reti misuh misuh ngono . Cerito.. ngalor mgidul wasis wes koyo cah cilik nek cerito ro ibu e ngono kae</p>	
	<p>P; Sama bapak nurut juga bu?</p>	
	<p>S; Heem</p>	
	<p>P; Pinter ya</p>	
	<p><u>S; Alhamdulillah mas, mung yo sak pinter</u></p>	

250	<u>pinter nek bocah koyo Rebo iku tetep ae anu mas.</u>	
	P; Iya si bu	
	S; Heem	
	P; Kalo tetangga disini gimana mu sama mas	
256	Rebo sama ibu juga	
	S; Yo apik mass do saget ngerti, yo Alhamdulillah e wong kene ki gemati gemati kabeh, kadang malah enek bocah bocah seng anyaran ndue anak iku dong moro neng omah takok pripun cara ne kok	
260	saget ndidik anak genn do nurut nurut pinter koyo anak anak	
	P; Apa tanggapan dari ibu?	
	S; Yo biasa ae mas nopo mawon kewajiban e wong toa ki yo kudu seng sabar, seng	
265	ikhlas anak ki lak yo seget ngerasak ne wong tua nek ikhlas mergo gusti kaleh seng mboten	
	P; Gitu ya bu	
	S; Ngehh mas kudu iku, ikhlas ro sabar ki wes bumbu wajib wong omah omah, nek	
270	mboten ngono pasti mengko akeh padu ne mas, lha mung seng mpun sabar lann ikhlas ae sok sok yo enten ae anu e	
	P; Kalo sama kakaknya nurut juga bu?	
	S; Nurut yoan mung yo mboten koyo kulo nek kaleh mas e iku luweh kerep ngeyel e	
275	P; Selisih umur R dan kakaknya berapa tahun bu?	
	S Nek kaleh mas e iku 4 tahun teros nek adine kacek e 3 tahun	
280	P; Mas Rebo akrab tidak bu sama kakak dan adiknya	
	S; Akrab mas, soyo meleh kaleh Dewi iku adi ne nek Dewi ngebel wes seneng banget bocah	
285	“ <i>dek dewi dek dewi, dek dewi aku kangen kapan muleh ayo dolan</i> ” ngono nek wes kaleh adi ne iku	
	P; Kalo sama kakaknya gimana bu?	

290	<p>S; Yo sami mas mung nek ro mas e iku yo akrab mung yo ra patek luweh kerep kerah ae ket jaman cilik tekan sak iki, nek lagi akur ngono yo Rebo ga muleh</p>	
	<p>P; Kalo ga pulang kemana bu?</p>	
	<p>S; Yo iku paling yo nginep neng omah e kakang e mas, mung yo cedak kor kacek 4 omah tok</p>	
	<p>P; Berantem gimana bu?</p>	
295	<p>S; Yo kerah gojek ece ece nan ngono lho mas, sok yo nek mas e dolan rene ngono mboten di buka ne lawang, malah di kunci lawang mas e ra entuk mlebu wes ngono mas e di ece ni “ sokor raiso mlebu sokor hahahahaha” mas e ngasi anyel yoan kadang ki, nanging nek R lagi enek gelem e ngono ngelendoti mas e</p>	
300	<p>terus , koyo nek pas R iku pengen opo ngono nek ngerayu mas e koyo cah cilik, ngekel mas kadang nek ndelok kelakuan e bocah bocah iku, R iku paling seneng nek wes di sanggoni</p>	
305	<p>mas e, kadang yo enek tonggo seng nyanggoni R kadang 10 ewu po 20 ewu ngono, nek ndue duit ngono bocah e ngacur neng alfamart mboh jajan opo ra iruh kulo mas</p>	
	<p>P; Dia bisa jajan sendiri itu bu?</p>	
310	<p>S; Yo saget mas, Lho iku dike'i anu iku, wes apal bocah e iku, susuke barang sak mene reti, dadi bocah e dewe sing ngitung engkok nek onok turahe dibalik ne neng mas e.</p>	
	<p>P; Seneng banget ibu pasti kalo anak anak ibu akur semua</p>	
315	<p><u>S; Yo iyo mas kabeh wong tuo pasti seneng nek ndelok anak do akrab, do gojek ngono ki .</u></p>	
	<p>P; Alhandulillah ya bu, sehat sehat selalu bu</p>	
	<p>S; Ngehh mas, amin</p>	
	<p>P; Pas ibu tau kalo R iku bakal jadi kaya anak kecil ibu masih berusaha buat cari informasi lagi tidak bu?</p>	
320	<p>S; Mboten mas wes ben ngeten mawon, mpun</p>	

